

Evalyasyon Citizens: "Taks Siklòn" Florida



Citizens jwe yon wòl san parèy nan mache asisrans pwopriyete nan Florida ak kouvèti li ofri asire kalifye ki pa ka jwenn sa ak bon pri sa yo nan mache prive a.

Yon rezon ki fè Citizens se souvan opsyon ki pi ekonomik la se fason nou konstwi a. Kontréman ak konpayi asirans prive yo, lalwa oblige Citizens fè kotizasyon pou kliyan li yo si lajan ki te destine pou peye reklamasyon yo ta fin depanse apre yon gwo tanpèt oswa yon seri tanpèt ki mwen grav.

Pou asire Citizens yo, kotizasyon sa yo ka enpòtan anpil. Menm lè Citizens jwi de yon pozisyon finansyè ki solid, li enpòtan pou ou konprann pwosesis evalyasyon an ak kijan sa ka afekte ou.

Men kijan evalyasyon an fonksyon:

- Si Citizens epwize eksedan li an epi fè yon defisi, li dwe touche yon taks adisyonèl asire Citizens ki ka jiska 15% pou chak kont Citizens yo – Kont liy Pèsonèl, Kont liy moun ki viv pre lanmè ak Liy Komèsyal. Si gen yon defisi nan chak nan twa kont sa yo, asire a t ap vin gen yon taks adisyonèl de 45%. Y ap ajoute taks adisyonèl sa yo sou kont "premium" anyèl ou a.
- Si toujou gen yon defisi nan Kont liy moun ki viv pre lanmè apre yo fin touche taks adisyonèl asire Citizens nan, Citizens dwe touche yon kotizasyon nòmal ki ale jiska 2% prim nan echèl evalyasyon Leta a (Politik Citizens nan pa ladan I), sa gen ladan pwopriyetè, machin, ak lòt asirans espesyalize ak eksedan. Sa vle di, pa egzanp, ou

ta ka wè tou yon ogmantasyon nan polis otomobil ou menm lè machin ou a pa gen asirans ak Citizens.

- Si gen yon defisi ki rete nan kont Liy Pèsonèl yo ak Liy Komèsyal yo, ak nan Kont liy moun ki viv pre lanmè a apre yo fin touche kotizasyon nòmal 2% an, Citizens yo dwe toucheyon kotizasyon ijans jiska 10% pou chak kont pa ane pou chak nan twa kont Citizens nan echèl evalyasyon Leta a. Sa gen ladann Asire Citizens ak mache prive yo pou kantite ane ki nesesè jiskaske defisi a elimine.

Ou ka ajoute sou sa. Pou yon sèl polis ki gen yon prim \$3,000, chaj adisyonèl asire Citizens la ta ka vle di yon frè adisyonèl \$1,350 lè w ap rekiper ou de yon pèt akoz katastwofik.

Pa panike! Citizens achte reasirans epi vann obligasyon pou pwoteje eksedan \$6.5 milya li yo epi redui chans pou kliyan li frape pa yon "taks siklòn" lè yo gen mwens mwayen pou peye li. Depi 2015, Citizens gen ase kapasite pou peye reklamasyon pou jere yon tanpèt 1 sou 100 ane san yo pa bezwen chèche kotizasyon.

Men, risk pou evalyasyon an reyèl, sitou pandan Citizens kontinye wè kwasans polis li yo ap ogmante an fas defi ki gen nan mache prive a. Kliyan Citizens yo ka diminye risk evalyasyon yo lè yo jwenn kouvèti ak yon lòt konpayi. Pale ak ajan w lan, se moun ki nan pi bon pozisyon pou ede w jwenn opsyon ki pi byen adapte ak bezwen ou.

Gen plis enfòmasyon sou evalyasyon ak chaj adisyonèl disponib sou [sit wèb Citizens](#).

Enspeksyon Pwopriyete Enpòtan pou bon jan Kouvèti



Citizens kòmanse enspekte plis pwopriyete anba yon pwogram enspeksyon pwopriyete elaji pou ede konfime kay yo nan yon kondisyon pou resevwa asirans epi ranpli tout karakteristik nesesè yo.

Nou elaji pwogram enspeksyon gratis nou an pou plizyè rezon. Nan tèt lis la se asire pwopriyete yo ranpli minimòm liy direktris yo yon fason pou idantifye potansyèl pwoblèm yo *anvan* dega yo rive. Sa a pèmèt moun ki gen kontran asirans yo fè fas ak pwoblèm defisyans yo - yon filtrasyon ki kache oswa do kay ki domaje, pa egzanp – alavans.

Jeneralman, Citizens ap mande yon enspeksyon nouvo biznis yo pandan premye 30 jou yo bay asirans lan. Anvan ou fè renouvèlman, ap gen enspeksyon pou sa.

Citizens siyen kontra ak yon konpayi enspeksyon enpòtan pou jere pwosesis enspeksyon sa yo. Yo se:

- C&E Information Services
- Mueller Services Inc.
- Sutton Inspection Bureau Inc.

Nòt: Gen lòt konpayi enspeksyon ki ka ajoute apre.

Kijan sa Fonksyoné

Citizens ap voye yon imel ba ou apa si yo te seleksyoné polis ou a pou yon enspeksyon. Ajan ow lan ap fè ou konnen tou ou te seleksyoné pou enspeksyon. Rezidan pa sezón yo ta dwe kontakte ajan yo ak Citizens ak disponibilité yo.

Konpayi enspeksyon an ap kontakte pa imel, telefòn oswa kourye si polis ou a chwazi pou enspeksyon. Kominikasyon yo a an di ki tip enspeksyon yo pral fè.

Enspektè yo ap swiv pwotokòl COVID-19 yo epi y ap montre idantifikasiyon yo lè yo rive. Ou menm oswa reprezantan ou dwe la pou enspeksyon k ap fèt anndan kay la. Ou pa bezwen la pou enspeksyon k ap fèt deyò pwopriyete ou depi gen aksè disponib pou tout espas deyò a.

Yon fwa enspeksyon an fini, ajan w lan ap resevwa yon kopi rapò a. Y ap kontakte w sèlman si gen yon pwoblèm ki dwe rezoud. Se ajan w lan k ap sèvi kòm pon pou kontakte w.

Enspeksyon gratis sa yo ka ede w evite pi gwo pwoblèm pi devan epi verifye pwopriyete w la ranpli liy direktris minimòm yo epi mete Citizens pi pre estanda mache prive yo. Ajan ou ap la pou ba ou asistans pandan tout pwosesis la, e n ap la tou pou [ede w.](#)

Pi Bon zanmi Tout tan: Ou menm ak Ajan w



Èske ou se youn nan anpil konsomatè ki dènyeman te kontakte ajans asirans w lè MTV te pase videyo mizik yo?

Si se konsa, ou gen dwa ap rate yon bann enfòmasyon ki ta ka ede ekonomize lajan ou epi pwoteje ou menm ak fanmi ou nan yon moman kote chanjman yo fèt rapid nan mache asirans pwopriyete prive yo.

"Ajan yo gen anpil valè pandan tout lavi polis ou a," se pawòl Kelly Abell, yon Manadjè Teren Ajans Citizens.

"Yo ka eksplike pwoteksyon ou genyen yo epi bay eksplètiz yo sou pwoblèm ou pa t konsidere. Panse de yo tankou PPZT asirans ou (Pi Bon Zanmi Toutan)

Pifò konsomatè yo kontakte yon ajan lè yo vin yon asire Citizens pou premye fwa e yo fè sa ankò si yo bezwen ranpli yon reklamasyon. Men, ajan w lan se yon resous enpòtan ant de evènman sa yo e li ka bay konsèy ki nesesè pandan w ap fè fas ak lòt pwoblèm ki gen rapò ak asirans, tankou lè ou:

- Fè reparasyon lakay la ki ka ogmante valè ranplasman kay la. Èske ou gen bon kouvèti?

- Enstale yon nouvo pisin ki gen kouvèti. Li gen kouvèti, pa vrè? (Petèt non) Pou plis enfòmasyon, gade [FAQ 3644](#).
- Resevwa yon òf atravè Pwogram Depopilasyon Citizens. Ou t ap asepte li?
- Transfere pwopriyete ou bay pitit ou? Pwopriyete a toujou gen kouvèti?
- Al viv yon lòt kote epi planifye pou lwe kay ou a. Ki polis ki bon pou ou?

Ajan w ka reponn kesyon sa yo ak yon pakèt lòt ankò, pou ba ou lapè nan tèt epi redui posibilité kèk mank nan kouvèti a oswa reta lè pou fè reklamasyon rive.

"Lè yon fenèt kraze oswa yon sikkòn kategori 5 frape, ou bezwen polis pwopriyete a ede wrekipere finansyèman", dapsye Carl Rockman, Vis Prezidan Ajans ak Sèvis Mache. "Ajan w nan pi bon pozisyon pou asire wap jwenn pi bon pwoteksyon an pou chak dola asirans ou envesti, e yo ka gen altènativ a Citizens ki pa ba ou bon jan pwoteksyon".

Sezon Prentan an la! Konsèy itil pou lakay pandan sezon an



Sa se moman nan ane a lè a chanje lè a, louvri fenèt yo epi jwi tanperati dou yo. Avèk jounen solèy epi yon dinamis aplis nan chak aktivite, ou ka santi ijans pou fè yon netwayaj pwofon lakay ou.

Menm lè netwayaj prentan ka gen yon move repitasyon akoz sa akablan e fatigan, nou gen kèk ide ak enspirasyon pou ede w abòde travay ou epi ekonomize tan. Lis verifikasyon ki pa ofisyèl nou an gen enfòmasyon ni pou moun ki fanatik netwayaj ni sila yo ki fè sa aksidantèlman. Ak pou moun ki renmen brikole yo, [nou gen bon bagay pou ou tou](#). Ann ale!

Mirak-nan-10-minit

Kat travay sa yo ka fèt byen rapid epi ak rezulta eksepsyonèl.

- Bagay ki an bwa: Vlope yon twal mikwofib alantou yon bale epi pase li yo mòso bwa yo pou netwaye pousyè ak debri ki kache.
- Machin lave: Vide de tas vinèg blan nan yon siklaj konplè lavaj ak dlo cho san ou pa mete ankenn rad nan machin nan pou ka netwaye rès dlo ak ti moso savon ki konn rete nan machin nan.
- Sechwa: Netwaye filt la ak yon solisyon modere ki fèt yon pati ak vinèg blan, yon pati ak dlo epi youn oswa de gout savon ou lave asyèt. Rense epi kite li byen seche.
- Vè lanp Itilize yon woulo ki sèvi pou retire cheve pou sa trape tras pousyè sa yo ki nan lanp ou yo. Sonje tou retire pousyè sou limyè anpoul yo lè ou pase yon twal pwòp sou anpoul la.

Èske li dwe rete oswa ale?

Pandan tout ane a, nou akimile yon gwo kantite materyèl. Pandan ke w ap pase nan chak chanm, chwazi bagay w ap "Kenbe" ak "Fè kado". Pandan w ap fè sa, pwofite revize sa ki nan chak chanm epi fè envantè sa ki nan kay la.

Kisa yon envantè kay ye?

[Yon envantè kay](#) se yon lis atik ki nan kay la ak konbyen yo koute. Lis sa a gen anpil valè lè ou dwe pran desizyon sou kouvèti asirans ak bay dokiman si tout fwa ou ta gen pou fè yon reklamasyon. Gen yon pakèy zouti ak aplikasyon gratis pou ede w òganize w. Asire w ou tcheke envantè a souvan epi kenbe yon kopi lis la ansanm ak lòt dokiman enpotan ki nan kay la.

Detay yo Enpòtan

Netwaye vit yo gendwa se pa premye bagay ki pase nan tèt ou nan yon jounen san solèy, poutan se pi bon moman pou fè sa. Liy ak tach yo renmen jounen ki cho ae ki klere. Pou i bon rezulta, itilize yon melanj dlo pwòp ak savon dou pou ede w dekonpoze salte ak debri ki akimile. Siye ak yon twal mikwofib.

Yon lòt travay ki neglige anpil se netwayaj kaj bèt yo. Mit ak lòt tibèt ki bay alèji ogmante pandan tan pase. Mete dra kabann yo nan machin a lave nan tanperati ki pi wo yo (140 degré Farenhay) pou kòmanse a zewo. Eske yo twò gwo pou machin lave a? Mete dra yo seche nan solèy chak de semenn pou yon netwayaj natirèl.

Fè Tès Enpòtan


Yon lòt pratik netwayaj se [tcheke lafimen ak monoksid kabòn nan tout kay la](#). Ti travay senp sa ka ede ou menm ak fanmi w rete an sante epi evite maladi ki ka nui ou. Yon lòt bon pratik se ranplase batri yo chak ane. Lè moman an rive pou chanje lè a, ou ka pran sa kòm yon bon tan pou sonje fè sa.

Mete li deyò.

Dal pou dlo lapli koule ki bouche yo se yon pwoblèm e yo pwovoke echapman dlo si yo pa netwaye. Kòmanse jete fèy bwa ki mouri ak debri ki tou pre. Lè ou fin retire premye kouch la, pran yon awozwa ak tib pilverizasyon long pou rense dal la. Fè atansyon pou pa kraze bò tèt kay la oswa itilize twòp dlo ki ka pwovoke yon refoulman.

Fè envantè pyebwa yo, gwo ak piti. [Koupe nenpòt](#) branch bwa ki mouri. Sa ap ede plant yo rajeni epi asire ke ankenn pati nan pyebwa a t pa tounen yon danje lè gen gwo van.

Pou pyebwa ki pi gwo yo, panse gen sèvis yon aborikiltè oswa yon sèvis swen pyebwa pou evalye lakou w. Ekspè sa yo ap ede ou bay bon jan swen aa mentnans pandan plizyè lane pou ba ou kè kontan epi sekirite kay ou.



Swiv nou
sou rezo
soyal



Kiyès k ap peye evalyasyon Citizens yo aprè pwochen siklòn nan?

Nou tout ta kapab.

Si yo ta egzise asirans Citizens pou faktire evalyasyon aprè yon gwo katastwòf, prèske nenpòt asire nan Florida ca egzise pou yo peye bil la - menm si ou pa yon kliyan Citizens oswa ou pa gen yon kay. Sa rive paske yo ka faktire evalyasyon Citizens yo sou nenpòt tip pwopriyete ak polis asirans, sa gen landan l men se pa sa selman, polis asirans pwopriyetè, lokatè, machin, bato ak bèt domestik.

Pou plis enòmasyon sou kijan evalyasyon Citizens yo ka afekte finans ou, vizite www.citizensfla.com/assessments.

Rele Citizens First pou repòte yon domaj 24/7 nan nimewo gratis nou yo ki la pou sa nan 866.411.2742.



*Jiska 45% pou asire Citizens yo e 2% pou sila yo ki pa asire nan Citizens



myPolicy

Rapòte reklamasyon, gade reklamasyon ak eta kontra asirans, epi fè pèman 24/7/365



Rele Citizens First nan **866.411.2742**

Rapòte yon reklamasyon 24/7/365 oswa W ap jwenn enfòmasyon byen presi sou kontra asirans nan jou lasemèn yo ant 8 a.m. ak 5:30 p.m. ET

[Dezabòne](#)